ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№42 (24.168) ● 2021 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 15, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек республикэм ис муслъымэнхэм ехъуэхъуащ Рэмэдан мазэм зэрыщІидзамкІэ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм щыпсэу муслъымэнхэм ехъуэхъуащ Нэщі мазэ лъапІэм зэрыщІидзамкІэ:

«Рэмэдан мазэр - ар Іэхуфі лэжьыным, къабзагъэм, гущІэгъэмрэ гъэгъунегъэмрэ я зэман лъапІэщ. Ар щытщ гущІэгъу тхэлъын, зэхуэдэтчыхьи, псапэ зыпылъ Іэхуэфіу нэхъыбэ длэжьын, зыхэщІэдгъэкъуэн зэрыкуейр щыхуэхэм иджыри зэ дигу къэзыгъэкІыжу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслъымэнхэм къыпхэумылъытэнымэ хуэдиз хэлъхьэныгъэшхэр хуащІ дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэхэм яку зэгурыгъэІуэныгъэ дэлъыным, жылагъуэм и псэкупсэ лъапІэныгъэхэр гъэбыдэным, къэрал, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм бдзэу ящыщІауэ ядэлажьэуэрэ, муслъымэнхэм я ІуэхущІапэр жыджэру ящІу итщ ди республикэм мамырыгъэр щыхъуэмэным.

Ди республикэм щыпсэу псоми уэзыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, яІэну, я Іуэхур сыткІи зэІуэзэпщу псэуну сохъуэхъу. Мы мазэ лъапІэм дэтхэнэ унагъуэми гупсэхугъуэрэ фІыгъуэрэ кьахуэдэкІуэну си гуапэщ», - щыжеІэ республикэм и Іуафэщым Инстаграмым щиІэ напэкІуэцІым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэрагъэпэщыж псы Іуфэхэр гъэбыдэным хуэщІа ухуэныгъэхэр

Псы ежэхэр къиурэ нэпкъхэм кьыщхьэдэуэх хъужыкъуэмэ, абы и зэран Іуфэм Іус кьуажжэм емыкІыным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр щагъэкІуэкІ Къэбэрдей-Балъкъэрым. Абы папщІэ псы нэпкъхэр ягъэбыдэ, псыр пэрыуэншэу псыхъуэмкІэ ехыныр кьыззэныгъэпэщыну Іэмалхэр кьагъэхьэзыр.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэм иджыблагъэ щалІуащІам кьыхэгъэщауэ щытащ: «Иужьрей мазэхэм уэс куэду кьиззэресам, уэшхыш-хуэ кьиззэрешхам кьыхэкІыу псыхэр кьиункІэ шынагъуэ щыІэщ. Администрацэхэм я Іэтащхьэхмрэ я лэжьыгъэр зэхьэлІа министерствэхэм я унафэщІхэмрэ щытыкІэм я нэІэ зэпымыууэ трагъэтыпхъэщ, хуей хьумэ, лэжьыпхъэхэр икІэщІипІэкІэ зэфІагъэкІын хуэдэу».

Налшык псым и Іуфэхэр гъэбыдэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр мы зэманым ирихьэлІэу щызэфІагъэкІащ Нартан къуажэм и иубыдэ Іыхьэм, апхуэдэу псы жапІэр унэтІыным хуэгъэзэа лэжьыгъэхэр и кІэм щынагъэсащ Бахъсэн псым щыщу Зеикъуэ къуажэм хиубыдэм. Псы Іуфэхэр Іуезымыгъэлъэсыкі ухуэныгъэхэр щызэрагъэпэщыжащ Белая Речкэ, Аушыджэр, Псыгуэнсу, Прималкинскэ, Старэ Шэрэдж къуажэхэм. Псыдзэм пэщІэтыф ухуэныгъэхэу Старэ Шэрэджрэ Шэрэдж Ищхъэрэмрэ я зэхуаку хуэзэри зыхуей ухагъэззэным ящІу ихьащ.

Псыдзэм жылэхэр щызыхъумэфыну ухуэныгъэхэр Аушыджэр, Псынабэ, Хьэсэней къуажэхэм, Тырныауз кьалэм зэрыщрагъэкІуэкІыну проект-сметэ тхылъхэр хьэзыр ящІащ. Урысейм и кьэрал Іуэхущ Іапі э хэм мы зэманым щыхоплъэ Налшык псым и Іуфэхэр ягъэбыдэм мурадкІэ ящІауэ щыта ухуэныгъэхэм якІэлъыІэбэным, апхуэдэ быдапІэхэу Прималкинскэ, Джэрэпэджэж къуажэхэм, Прохладнэ кьалэм иІэхэр кьызыхуэтынщэу зэгъэпэщыжыным, зэрянгъэ кьимыхьу ятІэпсыр, псыдзэр жылэхэм ящхьащызыгъэкІ ухуэныгъэхэр «Бахъсэн - Малкэ» кІэнауэм и псы кьыщІэшыпІэ нэхъыщхьэмрэ Хьэсэней къуажэмрэ деж щегъэжІуэкІыным теухуа Іуэхуэхэм. Тхылъхэр хьэзыр зэрыхъуу а лэжьыгъэхэми еужьэрэкІыу яужь ихьэнущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Академик цІэрыІуэм и цІэр фІащащ

Мы махуэхэм дэнэкІи щагъэлъапІэ цІыхур хэщІыным зэрыльатэрэ илъэс 60 зэрырикъур. Ди республикэми кьыщызэрагъэпэщащ абы ехьэлІа гуфІэгъуэ зэхьихэр куэд.

НАЛШЫК дэт «Дыгъафіэ кьалэ» творчествэмкІэ сабий академием кьыщызэІуахащ хьэрщым епха щІэныгъэм ди щІыналъэм зыщІегъэужьыным телэжьыну лабораторэ. Абы фІащащ. ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием и академик цІэрыІуэ, ди лъахэгъу еджагъэшхуэ Энеев Тимур Магомед и кьуэм (1924-2019) и цІэр.

Лъэпкъыр зэрыгушхуэ щІэныгъэлІыр РАН-м и Президиумым хэтащ, хьэрщым епха Іэнатіэхэмкіэ абы и кьудамэм и унафэщІу, механикэмкІэ, хьэрщ ракетэхэр зэпкърыпхьэнымкІэ Іэщ Іагъэлі Іэззу дунейм тетащ. Энеевыр Лениным и цІэр зезыхьэ Кьэрал саугъэтым и лауреатщ. Хьэрщыр джыным, ар кьэгъэІурыщІэным теухуа и кьэхутэныгъэхэм папщІэ щІэныгъэлІ пажэм кьыхуагъэфэщауэ щытащ Ленин, Бэракъ Пльыжь орденхэр. Абы и Іэдакъэщ Іэкіхэм я нэхъыбэр ноби хуолажьэ хьэршым яутІыпщ аппаратэм я псынщІагъыр кьэхутэнымрэ ахэр цІыхум и унафэм щІэгъэтынымрэ. Апхуэдэ и щІэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэхэм папщІэ абы кьратащ Чандер Ф. А. и цІэр зезыхьэ дыщэ медальр. Апхуэдэу Энеевыр хуабжьу дихьэхыу щытащ космогонием, астрофизикэм, планетэхэм я зэхуаку щызекІуэ спутник системэ лъэщ зэтеубла зэрыхъуным. Иужьрей илъэсхэми абы елэжьащ.

Апхуэдэ цІыху цІэрыІуэм и цІэр зезыхьэну лабораторэм гукъыдэжьыщхуэ яІэу щыпсэжьнущ. кьэхутэныгъэ хэлэмэтхэр щрагъэкІуэкІынущ хьэрш щІэныгъэм дихьэх ныбжьыщІэхэр. Ди гуапэщ академием и Іэнатіэр абыхэм угъурлы яхуэхъуну, ди республикэм и цІэр фІыкІэ зыгъэІун лажьыгъэ куэд абы щызэфІахыну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъумрэ унафэщІ Іэнатіэхэр зезыхьэфынухэр кьыхэхьнымрэ я Іуэхуэмкіэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №177-УГ-мкІэ кьищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал къулыкъумрэ унафэщІ Іэнатіэхэр зезыхьэфынухэр кьыхэхьнымрэ я Іуэхуэмкіэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №177-УГ-мкІэ кьищтам, мыпхуэдэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы кьыкІэлъыкІуэкэр:

Езауэ А. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрыр

Тюбеев А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм коррупцэм пэщІэтыным ехьэлІа Іуэхуэмкіэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэр;

б) Комиссэм и унафэщІым и кьуэдзэ кьалэныр и пщэ дэлъхьэн Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьынныгъэмкІэ и министрым;

в) Альтуд Ю. Къ. и кьулыкъым зэреджэр мыпхуэдэу кьэхьын: «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессионалнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапі э м и ректорым и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр *(зэгурыІуэу)»;*

г) Комиссэм кьыхэгъэкІыжын: Къумыкъуе І. М., Сарбашевэ С. М.

2. Мы Указым кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2021 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№34-УГ

ЩІы Іыхьэ хэхар щатха гупым кьыхагъэкІыу нэгъуэщІ гупым зэхъэхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ №56-ПП

2021 гъэм гъатхэпэм я 29-м ***Налшык къалэ***

Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм 2020 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м №52-1.1.12/7084-м щІэту кьиргъэхьа лъэІум хэпІадауэ, Урысей Федерацэм ЩІым теухуа и кодексым и 8-нэ статьям, «ЩІыхэр е щІы Іыхьэ хэхахэр щатха гупым кьыхагъэкІыу нэгъуэщІ гупым зэрыхагъэхьэм и Іуэхуэкіэ» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м кьащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 7-нэ статьям, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІым теухуа и кодексым и 6-нэ статьям япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Мэкъумэш мыхьэнэ зиІэ щІыхэм кьыхагъэкІыу промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радиовещанэм, телевиденэм, информатикэм хухах щІыхэм, хьэрш лэжьыгъэм, зыхъумэжныгъэм, шынагъуэншагъэм папщІэ кьагъэсэбэп щІыхэм, нэгъуэщІ мурад убзыхуахэм хуэзрахьэ щІыхэм хэгъэхьэн метр зэбгъуэнатІэ 102261-рэ хьу, 07:04:57-00000:214 номер зиІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прохладнэ щІыналъэм щыщ Приближнэ станицэм химиубыдэ щІы Іыхьэр, ухуэныгъэм кьыщагъэсэбэп пшахьэ кьыщІэгъэкІыным хуэщІа Іуэхущ Іапі э кьыщызэрагъэпэщын папщІэ.

2. Мыпхуэр кьэралым итхьнымкІэ, кадастрымкІэ, картографиемкІэ федеральнэ кьулыкъущ Іапі э м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын Ямыгъэ Іэпхъуэ мылькымкІэ къэрал кадастрым зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий

Щэбэт щІыхьэху ирагъэкІуэкІ

Бахъсэн щыналъэм хьхьэ Бахъсэненок, Къуб-Тэбэ къуажэхэм щыпсэуэхэр иджыблагъэ Іуэху щхьэ-пэм хэтащ.

ЩІЫУЭПСЫР хъумэным теухуа щэбэт щІыхьэху зэхьхьэри, кІэрыхубжьэрыхуэхэр, удзыжьхэр щызэщІакъуащ фэтэр куэду зэхэт унэхэм, мэз кусхэм, псы ежэхэм я Іуфэхэм, уэрамхэм, апхуэдэу жыгхэми сэху ираташ. Гулъытэ хэха хуащІащ къуажэ Іэщхэм я хъуПІэхэм.

ЩІыхьэхум хэтащ щыналъэм щыпІэ унафэр зегъэжІуэныкІэ и советым и депутатхэр, къуажэ администрацэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, Іуэхущ Іапі э хэм я лэжьакІуэхэр, жылэдэсхэр. ЩІыхь 350-рэ кьыдэкІат щІыхьэхуэм хэтыну. Зэдегугъуу а махуэм зэрылэжьаи и фІыгъэкІэ гектар 80 зыубыд щІыпІэхэр зэщІагъэкъэбзащ, пхъэнкІий тонн 30 драгъэшащ.

«ЩІыуэпс» лъэпкъ проектым хьхьэ апхуэдэ экологие акцэхэр мы мазэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и адрей муниципалитетхэми щокІуэкІ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэлыжьыхьым и 15, *махуэку*

◆ **Щэнхабзэм и дунейпсо махуэщ**

◆ **Экологием теухуа щІэныгъэхэм я махуэщ**

◆ **Урысейм Іэщхьі ЗэщІэуэзда и Къарухэм я радиоэлектроннэ дзэхэм я Іэщ Іагъэлым и махуэщ**

◆ **Къэзахъстаным щагъэлъапІэ зэгуэкІуэхэм я махуэр**

◆ **Босниемрэ Герцеговинэмрэ Республикэм и армэм и махуэщ**

◆ **Ингуш Республикэм и къалащхьэ Магас и махуэщ.**

◆ **Куржым щагъэлъапІэ лъагъуныгъэм и махуэр**

◆ **1395 гъэм** Тамерланрэ Тохъутэмышщрэ я дзэхэр Тэрч и деж щызэзэуащ.

◆ **1795 гъэм** Литвар Урысей империем гухьащ.

◆ **1834 гъэм** Урысейм и император Николай Езанэм и унафэкІэ зэхуащІыжауэ щытащ «Московский телеграф» журналыр. Ар 1925 гъ лъандэрэ кьыдэкІырт.

◆ **1865 гъэм** яуКІащ США-м и президент Линколн Авраам.

◆ **1929 гъэм** СССР-м кьыщащтащ щІыхур жьы хуэя нэужь кьэралым пенсэ хуигъэувыным теухуа хабзэр.

◆ **1935 гъэм** Испанием и Компартиер кьызэрагъэпэщащ.

◆ **1945 гъэм** Британием и дзэхэм хуит кьащІыжащ Берген-Бельзен нэмыцэ гъэрэщым исахэр. Зауэ зэманым абы иКІуэдащ щІыхь зиІэ мин 50-м щІигъу.

◆ **1951 гъэм** Лондон щекІуэкІащ «Дуней псом щІэнэхъ дахэ пщащэ» яп зэпеуэр. Абы хэта хъыджэбз 30-м я нэхъ дахэу кьалытар Швециемрэ щыщ Хааксон Кикит.

◆ Италием щыщ сурэтыщІ щэджащэ, щІэныгъэлІ цІэрыІуэ, зи Іэдакъэщ Іакіхэр нобэми цІыхухэм яфІэтелъыджэ **Леонардо да Винчи** кьызэралъхурэ илъэс 569-рэ ирокъу.

◆ **1725 - 1727 гъэхэм** Урысейм и унафэр зыІэщІэльа, Пётр Езанэм и етІуанэ щхьэгъусэу щыта **Екатерина I** кьызэралъхурэ илъэс 337-рэ ирокъу.

◆ Урыс усакІуэ, критик **Гумилёв Николай** кьызэралъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу.

◆ Корее Ищхъэрэм и кьызэгъэпэщ Іакіуэ икІи абы и яп унафэщІ **Ким Ир Сен** кьызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.

◆ Совет космонавт, Совет Союзым тІэунейрэ и Лы-хьужь **Береговой Георгий** кьызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

◆ ТхакІуэ ЦІэрыІуэ, фильм куэдым сценарийхэр яхуэзытха **Стругацкий Борис** кьызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

◆ Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Слъон Лудин** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

◆ Уэрэджэ Іакіуэ цІэрыІуэ, композитор-уэрэдус, СССР-м и цІыхубэ артисткэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым зрата **Пугачёвэ Аллэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

◆ Бельгием и **пащтыхь Филипп** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 16, *мэрем*

◆ **Макъым и дунейпсо махуэщ**

◆ **Циркым и дунейпсо махуэщ**

◆ **Армением и полицэм и лэжьакІуэм и махуэщ.** 2001 гъэм а къэралым кьыщащтащ «Полицэм и Іуэхукіэ» законыр.

◆ **Болгарием щагъэлъа- пІэ я яп Конституцэмрэ юристымрэ я махуэхэр.** Я конституцэр 1879 гъэм къэралым и Яп цІыхубэ зэхуэсыхуэм кьыщащтуэ щытащ.

◆ **1722 гъэм** Пётр Езанэм унафэ кьыдигъэкІащ тенджызым тетыным хуегъэджэным теухуа еджапІэхэр, езы къэралым и цІыхухэм фІэкІа щІамыгъэтІысхьэу, кьызэІухыным теухуауэ.

◆ **1905 гъэм** Урысейм и яп профсоюзыр - печатым и лэжьакІуэхэм ейр - кьызэрагъэпэщащ.

◆ **1920 гъэм** цІыхубэ миллионым и Налшык управленэр кьызэрагъэпэщащ.

◆ **1934 гъэм** СССР-м и Гъэзэщ Іакіуэ комитет нэхъыщхьэм и унафэкІэ ягъэуващ «Совет Союзым и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэр. Ар яп дыдэу, 1934 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м, зыфІащар «Челюскин» кхъуным исахэр мылым кьытезыхьжа кхъухьлъатэзехуэхуэ Ляпидевский Анатолий, Леваневский Сигизмунд, Молоков Василий, Каманин Николай, Слепнёв Маврикий, Водопьянов Михаил, Доронин Иван сымэщ.

◆ **1945 гъэм** советыдзэхэр Германием и къалащхьэ Берлин ебгъэрыкІуэу хуежьащ.

◆ **1955 гъэм** «Нева» журналым и яп номерыр кьыдэкІащ.

◆ **2006 гъэм** Иркутскэ областымрэ Усть-Ордынскэ Бурятскэ автономнэ округымрэ референдум щекІуэкІащ ахэр зэгуэгъэхьэныным теухуауэ. ЩІыналъэхэм щыпсэуэхэм я процент 90-р и телъхьэ хъуащ УФ-м субъектыщІэ - Иркутскэ область - кьыщыцІунэхунымк.

◆ Индокьыльэмрэ Америкэмрэ я актёр, сценарист, композитор, режиссёр **Чаплин Чарли** кьызэралъхурэ илъэси 132-рэ ирокъу.

◆ Совет актёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Самойлов Евгений** кьызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.

◆ Актёр, кинорежиссёр, сценарийхэр зытх, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Никоненкэ Сергей** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

◆ Нэмыцэ биатлонист, Олимп Джэгуэхэм пІэнейрэ я чемпион хъуа **Фишер Свен** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ и Указ №177-УГ-мкІэ кьищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

● Зэ1ущІэхэр

Унафэ зыбжанэ къащтэ

«КъБР-м и муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и правленэмрэ (АСМО) ЩІыпІэ самоуправленэм и урысейпсо советым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ бюромрэ я лІыкІуэхэм я зэІущІэ мэлыжьыхьым и 13-м зэхэтащ.

АР иригъэкІуэкІащ «КъБР-м и муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ **Пэнагуэ Максим**. Зэ1ущІэм хэтащ «КъБР-м и муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и правленэм и гъэзэщІакІуэ унафэщІ **Маслов Николай**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щІыпІэ унафэр зехьэным и Іуэхуэмкіэ и управленэм и чэнджэщэгъу **Храмцов Алексей**, республикэм и кьалэ округэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

Зэ1ущІэм хэтахэм кьапщытэжащ Налшык кьалэ округым и щІыпІэ администрацэм кьалэ мылькымрэ щІы Іуэхуэмкіэ и департаментым 2020 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэр зыхуэдар.

Департаментым и унафэщІ **ЛІыгъур Мурат** кьытеуэвыащ муниципальнэ мылькур зэрыртрагъуэа, зэрызэщІагъэІуэа щыкІэхэм. Абыхэм ящыщщ Налшык кьалэм и Московскэ уэрамым фэтэр куэду зэхэт унэ щауха нэужь, республикэм и МВД-м щылажьэхэмрэ и пенсионерхэмрэ трагуэша фэтэр 84-р федеральнэ мылькым кьыхагъэкІыу муниципальнэ мылькым кьызэрыхигъэхьар. «Къэралымрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ зэращІылІэ зэгурыІуэныгъэм теухуауэ» Федеральнэ законым тету, щІыпІэ администрацэм и мылькым щыщу итащ «Налшык зоопаркыр». КьищынэмыщІауэ, департаментым «Водоканал» Іуэхущ Іапі э м и гъусэу кьыщІагъэщащ зыми и нэІэм щІэмыт бжьамий 97-рэ. 70-р кьалэ округым ирапхащ, адрейхэм ехьэлІа дэфтэрхэр мы зэманым ягъэхьазыр.

Кьэпсэпльам зэрыжиІамкІэ, 2021 гъэм и щІышылэм ирихьэлІэу, муниципальнэ унитарнэ Іуэхущ Іапі э м республикэм 23-рэ щолажьэ. Абыхэм нэгъабэ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм кьырикІуам ипкъ иткІэ муниципальнэ бюджетым кьыхэхъуащ сом мин 782,9-рэ. Фэтэр куэду зэхэт унэхэм я гугъу щищІым, ЛІыгъур Мурат жиІащ Налшык кьалэм апхуэдэу дэт 1407-м щыщу кьэралым кадастрым и учётым унэ 941-рэ зэрагъэувар. КьищынэмыщІауэ, Налшык кьалэ округымрэ «Налшык» зыгъэпсэхупІэм и щІыпІэхэмрэ я гъунапкъэхэр убзыхуным ехьэлІа лэжьыгъэхэр яхащ.

Кьэпсэпльам кьызэрыхигъэщамкІэ, 2020 гъэм федеральнэ, республикэ бюджетым я мылькыу Налшык кьалэ округым кьыІэрыхьащ сом мелардэр мелуан 710-рэ мин 318,98-рэ. А илъэсым кьриубыдэу щІыпІэ бюджетым ягъэкІуащ сом мелуан 243-рэ мин 814-рэ.

Зэ1ущІэм унафэ щІыпІэ унафэр зехьэным и Махуэр мэлыжьыхьым и 20 - 21-хэм ягъэпсэлъэну. Абы и щІыхькІэ кьызэрагъэпэщыну республикэ спартакиадэр накъыгъэм и 28-м ирагъэкІыжыну зэгурыІуащ, нэщІ мазэр иухмэ. Маслов Николай зэрыжиІамкІэ, КъБР-м Спортымкіэ и министерствэм енэнджэща нэужь, ар Дзэлыкъуэкъуажэм щрагъэкІуэкІыну кьыхахащ.

Зэ1ущІэм кьыщызэщІакъуэжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьуажэхэм ящыщу 2020 гъэм муниципальнэ щІыналъэ нэхъыфІхэр кьыщыхаха зэхьэзэхуэм кьрикІуар. Арэзы техъуащ яп увыпІэр Лэскэн районым хьхьэ Хьэтуей кьуажэм (щІыхь тхылърэ сом мини 100-рэ иратынущ), етІуанэр - Прохладнэ районым и Къэрэгъэш кьуажэм (сом мин 60), ещанэр - Бахъсэн районым и Кременчуг-Константиновкэ (сом мин 40) зэрыхуагъэфащэм.

«КъБР-м и муниципальнэ щІыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и правленэмрэ ЩІыпІэ самоуправленэм и урысейпсо советым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ бюромрэ ягъэбелджылащ 2020 гъэм кьалэ администрацэ нэхъыфІу кьалытари. Апхуэдэу кьыщІэкІащ Май кьалэмэйр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щІыналъэм и унафэщІ-бзылъхугъэ нэхъыфІыр кьыщыхаха зэпеуэм зэдзэрзыуэ Іэ щыхуэятащ Саенкэ Татьянэ.

Муниципальнэ щІыналъэхэм щылажьэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі э нэхъыфІхэр щагъэбелджыла республикэ зэхьэзэхуэм кьрикІуар кьыщызэщІакъуэжым, советыр арэзы техъуащ яп увыпІэр «Бахъсэн» кьалэ газетым (редактор нэхъыщхьэр Балъкъыз Аминат), етІуанэр - «Черекские вести» (Чабдаров Марат), ещанэр - «Прохладненские известия» (Давранова Светланэ) иратыну. Зэхьэзэхуэхэм пашэ щыхуаэхэр ягъэлъапІэнущ ЩІыпІэ унафэр зехьэным и махуэм.

Апхуэдэуи зэ1ущІэм щагъэбелджылащ ЩІыпІэ унафэр зехьэным и махуэм ирихьэлІэу КъБР-м и Парламентым, КъБР-м и Правительствэм, Кьэралыгъуэ лэжьакІуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым я ЩІыхь тхылъхэмрэ фІыщІэ тхылъхэмрэ зратынухэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Псынщ1эу ипкІым кІэщІу къегъэзэж.

«Мы тхылъыр зэрыщыту щIэфэжагъуэхьыр сатыр къэс жиIэр пэжщи аращ...»

● ТхылъыщIэ

Налшык къалэ дэт Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ дунейм къыщыхехьащ Хамар-Дабанов Е. и тхылъыр. Адыгэ тхыдэмрэ псалъэкIэ щэнхабзэмрэ ятеухуауэ иужьрей лъэхъэнхэм дызыщымыгъуазэ лэжьыгъэ куэд дунейм къытохьэ зи цIэ къытIуа Котляровым зэщыхъугъуэхэм я фIыгъэкIэ. БлэкIам дызэрыхуепльэкI, ар къызэрытщыхьу щыкIэр лъэныкъуэ куэдкIэ щыз зыщIыж а къыдзэкIыгъэхэм я мыхьэнэр ин ещI дэтхэнэри архив лъапIэныгъэу зэрыщытым, лъэпкъ щIэныгъэм и хэкIыпIэ зэрыхъум.

«МЭЗКУУДЭСХЭМРЭ адыгэхэмрэ» - арат 1846 гъэм Лейпциг къалэм нэмыцкIэбзэкIэ къыщыдзэкIауэ щыта романым зэреджэр. Ар лакъыреды (памфлет) гъэпсыкIэм ипту тхат, зи гугъу ищIри Урыс-Кавказ зауэм къыщыхъу хьэкIэкъуэкIагъэхэмрэ ахэр къэзыгъэкъу урыс дзэзешэхэм я хьилагъэмрэщ. «Кавказым щызэрахьэ хъуагъэщагъэхэр» («Проделки на Кавказе») цIэр иIэу романыр Урысейм къыщыдэкIат 1844 гъэм. АрщхьэкIэ жандармыдзэм я штабым и тет Дубельт Леонтий и унафэкIэ тхылъ щапIэхэм къыщIахьжри, къэнэ щымыIэу ягъэсжауэ щытащ. МафIэм пэрымыхуэу къэна тхылъ зытIущырщ иужькIэ къыдэкIахэм тегъэщIапIэу яIари.

ТIэкIу нэхъапэкIэ романым щыщ пычыгъуэхэр 1842 гъэм къытехуат «Зэштегъуэ библиотекэ» журналым. Абы щыгъуэ тхыгъэм хуащIа пэублэм мыпхуэдэу итт: «Романыр зи къалэмыпэ къыщIэкIар урыс цIыхубз хьэлэмэтщ. Тхыгъэр зэ еджэгуэкIэ къызэпхьдзэкъыкIыу къыпщыхъуми, сатыр нэзхэм удэплъыфын хуейуэ ара къудейщ - Кавказым и дуней тельыджэм занщIэу ухелъаэ, абы и цIыхухэр пльагъуну ухуейуэ уохъу, ауэ а псор уи напэр ирихулэкIыуэр укъызэщигъэужам хуэдэу гу лъащIэм ирехух абы дыдейхэм [урыс дзэзешэхэм] щызэрахьэ хъуагъэщагъэхэмрэ напэншагъэхэмрэ я хъыбархэм укъыщеджэкIэ...». Ар дыдэм щхьэкIэ литературэдж Белинский Виссарион етх: «Романым къыIэтэ гъэпсыкIэу ухуейр апхуэдизкIэ нахуэщи, узыIэпимышэнкIэ Iэмал иIэкъым».

ЩIэупщIэ зыгъуэта романыр зытха цIыхубзыр и цIэ дыдэмкIэ Лачиновэ Екатеринэщ, и хъыджэбз унэщIэмкIэ Шапошниковэщ. И щхьэгъусэ флигель-адъютант, полковник Лачинов Николай Кавказым къулыкъу щыIэщIэ зы бригадэм и унафэщIт, штабым щIыхьэ-щIэкIэхэм ящыщт. Зэщхьэгъусэхэр щыпсэуар Штяклалэрэ Тифлисрэщ - дзэм и Iэтащхьэхэр нэхъыбэу щыпэкIу къалэхэм. БзаджащIагъэрэ тхъэгъэпцIыгъэу дзэзешэхэм зэрахьэр зи нэгу щIэкI бзылъхугъэми «къалэмыр игъэпсэлъащ». АпхуэдизкIэ игъэпсэльэти, пащтыхь Николай Езанэм дежи нэсащ ар. Абы щыгъуэщ пащтыхьым щыжиIар: «Кавказым теухуауэ дэ тщIэр мащIэ дыдэщ, мы цIыхубзым ди нэхэр къеГъэплъэж». Дзэ хуэIухуэщIэхэмкIэ министр Чернышев Александр нэхъ гуащIэжщ къызэрыщыхьуар романыр: «Мы тхылъыр зэрыщыту щIэфэжагъуэхьыр сатыр къэс жиIэр пэжщи аращ...»

Романым кьиIуатэ пэжыр я жагъуэ Кавказым щыIэ урыс дзэзешэхэми, ар къызыхэкIыр зыт - я цIэр нахуэу къыщимыIуами, тхыгъэм хэт лIыхъужьхэмкIэ еджа куэдым зыкъащIыжат.

РеволюцIэм ипэкIэ а зэращ романыр къызэрыдэкIар, иужькIэ 1986 гъэм зэ дунейм къытехьащ, блэкIа илъэс 35-м ГъэтIыгъуей хъуащ. ЖыIэн хуейщ зи гугъу тщIы къыдэкIыгъуэри дунейм къызэрытехьари бжьыгэ мащIэу зэрыщытыр.

«Мэкъудэсхэмрэ адыгэхэмрэ» романыр тхыпIэ тедзапIэм и проектыщIэм - «Тхыгъэ къыхэхахэм я библиотекэ» жьхуиIэм - хэту къыдокI. ФигъэдгъэкIыжьынщи, нэхъапэкIэ а зэужьым хэту Шинкубэ Бэгърат и «ЖылакIэ» романыр адыгэбзэкIэ къыдэкIыжащ.

ШУРДЫМ Динэ.



Зэманым декIуу псэуа

Зи щэхухэр зыми къытхуэмышIэу Дэ псоми ди судыщIэу, гъащIэ, СщIэркъым сэ щыIэу уэр нэхъ гуащIэ, Сыщогупсыскlэ, сохъу гумащIэ.
Апажэ Ахьмэд.

Ди тхыгъэм псалъэпэ хуэтщIар Апажэм и «ГъащIэ» усэм щыщ сатырхэр. Ипэжыпlэкlэ, сыту Iэфыщэ иKIи гущIэгъуншэ гъащIэр - Ар лэгъупыкъуу пльыфэбэщ. ЦIыхур дунейм къытохьэ, и натIэ хъунур имыщIэу. Ауэ, зэрыжаIэщи, уи натIэм къритхам фIэкIыпIэ иIэкъым. ГъащIэ гъуэгуми дэтхэнэри ирокIуэ, къыхуиуха мардэм тету.

ЖЫЛЭМ щынэжьыкьыфIу щытыну, куэдым чэнджэщагъу яхуэхьурэ къжIуэну щIэблэм фIыкIа ятелажьэу я дунейр ирахьэкIыну къигъащIахэм ящыщу къыдолъытэ Шэрэдж Ищхьэрэ къуажэм дэса Къэгъэзэж Жэмалдин Кьанщауэ и къуэри абы и къуэ Исмэхьили. Iуэхугъуэ куэдым хуэшэрыуэгу, гъащIэм хэзэгъауэ псэуа адыгэлIу, Iэнатlэ зэхуэмыдзэм хьэрэмыгъэншэу пэрыту, цIыхухэми дэIэпыкъуэгу яхуэхъуфуи щытащ Жэмалдин. «И Iэм дыщэ къыпощ» жыхуаIэм хуэдэт ар. Балигъ щыхъум, Гъубжокъуэхэ япхъу ХьэутIатIэ щыхъэгъуэсу къишэри, унагъуэ дахэу, щIалиплI эдэгъэтуэгъ эдэпсэуащ.

Шэрэдж Ищхьэрэ колхозыр щызэгухьа 1929 гъэм къалъхуа щIалэр гулъытэ зиIэ сабий гурыхуэу къэхуащ. Кьуажэ еджапIэм гъащIэр и щIэщыгъуэу щIэтыехьащ. Ауэ гъащIэр матэ щIэдзакъым, зэрыжаIэу, узыпэмыплъа умышIэхэри кьохъу. Исмэхьил етIуанэ классым щIэсу и анэр дунейм ехыжащ. ЩIалэ цIыкIуиплIыр я адэ Жэмалдин къыхуэнащ, зыхуей хуигъэзэн, иплIын хуейуэ. Анэ Iэщабэгущабэр зыщхьэщымытыж сабийхэр куэдым хуэныкъуэу къэхуащ.

Жэмалдин и щIалэ цIыкIуиплIыр и гъуэсу щытыкIэ гугъу щIэхуэм, IэмалынышагъэкIэ етIуанэ щхьэгъусэу Чэртыхэ япхъу Нащхьэ ящIащ, бынкIфIи зэдзэкуащ. Къэгъэзэжэ къэхэхуащ щIалитхурэ зы хъыджэбзрэ. Жэмалдин и бынхэу дунейм кIыхьтехьащ щIалибгъурэ зы хъыджэбзрэ.

Исмэхьил балигъ ныкъуэхъут, 1941 гъэм Хэкур зауэшхэр къыщыхьеям. Къэралыр щытыкIэ гугъум щиувэм, зи лъэ вакъэ изыльхьэр Хэкур яхъумэну бий хьащхьэрыIуэм пэуващ. Къэнар зи ныбжь хэкIуэта цIыхухъуэхэрэ цIыхубзхэмрэт. Мис абыхэм я гъуэгу Исмэхьил колхозым щыIэжьащ, былым игъэхъуу. И гущIэм кьыпэкIуэ, Хэку зауэшхуэм и зэманым 1941 - 1945 гъэхэм лэжьакъэм я медалыр Исмэхьил ягъэратащ.

Балигъэпlэ щиувэм, 1948 гъэм, Исмэхьил унагъуэ хуауащ. Абы щхьэгъусэ ищIащ Тэнхэ япхъу Къундузхъан. Иужькlэ ар дзэм ираджащ, Хэкум къулыкъу хуищIэну, икIи щытхъу иIэу а къэлэнэр зэфIихри, щалъхуа и къуэ-жэм къэкIуэжащ. Армэм къикIыжа щIалэщIэр колхозым и хадэхэкI бригадэм учетчикыу ягъэуващ. ЖыIджэрагърэ гумызагъэгърэ хэлъу лэжьыгъэм зэрыпэрытыр, и лэжьыгъэ къэпщытэкIэр гунэс зыщыхьуа колхоз унафэщIым Iэнатlэ нэхъыщхьэ къыхуигъэфэщащ Исмэхьил. Ар хахащ хозяйствэм щекIуэкI лэжьыгъэ псори къэзэпщытэ гупым (ревизионнэ комиссиэм) и унафэщIу. А лэжьыгъэри дагъуэншэу кърихьэлIащ абы.

Къыхуагъэфащэ сыт хуэдэ Iэнатlэми дапщащи псэемыблэжу, хьэлэлу пэрыт Исмэхьил губгъуэ лэжьыгъэр зеэныхь гъавэгъэкI зеащэ бригадэр 1960 гъэм и пщэ хъыдалъхьащ. КъраГъэза а дзыхьым теплъэкъуKI имыIэу и нэIэм щIэт гупым ядэлэжьащ ар. Пашэм и Iуэху зехьэкIэр зыльгъэу лэжьакIуэхэми я къалэнэр щытхъу Iыхьэр «псы» жыхуэтIэрщ.

Ауэ щыхьэкIи, зэрыщытту ятатщтэмэ, щIыпIэщIэр къызэрыдгурыIуэ хъунур «Ан/Анэ тхьэм и псы къуэкIий» мыхьэнэм хуэдгъакIуэущ (ищхьэкIэ зи гугъу тщIа лъахэхутэхэм къызэрыльтэмкIэ).

ЩIыпIэщIэм и къэхуэкIэм ехьэлIауэ нэгъуэщI егупсысыкIэхэри щыIэщ. Ауэ ахэр, тэмэму зэрызэпкърымыхам къыхэкIыу (дэ къызэрыльтыльэмкIэ), мыбдежым къыщIэтхьынкъым.

● Жыжьэ - гъунэгъу

пылъу ягъэзэщIащ. Исмэхьил зи унафэщI гупым 1961 гъэм къехьулIащ зы гектарым хуэзэу нартыху гъэлъэлъауэ центнер 70 мынэхь мащIэ кьытрокIыну. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и нартыхугъэкI нэхъыфI» дамыгъэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ абы щыгъуэ Исмэхьил икIи Москва ВДНХ гъэлъэгъуэныгъэ цIэрыIуэм ягъэкIуащ.

ГуащIэдэкI лэжьыгъэкIэ бгъэдэлъ зэфIэкI льагэ куэд коммунист Къэгъэзэжым къыщигъэлъэгъуащ езанэ гъэш фермэру 1962 гъэм здагъэкIуам. Iэщ фермэм щылажьэхэм, дауи, гъэмахуи щIымахуи ямыIэу, Iэщыр ягъэшхэн, зыхуей хуагъэзэн хуейщ, хьер нэхъыбэ къызэрыпахыным телажьэу. Мис апхуэдэ Iэнатlэ мытынышм ильэс 28-м щIигъкIэ псэемыблэжу щылэжьащ Исмэхьил. А лъэхъэнэм районым республикэми къыщыдэкI газетхэр куэдрэ тетхьыхьащ Къэгъэзэж Исмэхьил зи унафэщI фермэм и екъулIэныгъэхэм. 1966 гъэм и гъатхэпэ мазэм «Маяк» район газетым тетащ: «Гъэш фермэм 1965 гъэм зы жьмым хуэзэу шэуэ къыщыщIашащ килограмм 2669-рэ, кьалэн щащIа 2200-м и пIэкIэ. Жэмищ къэс шкIэуэ 105-рэ къыщIагъэхъуащ. Фермэм къэралым шэуэ иращащ центнер 564-кIэ нэхъыбэ. Районым лэжьыгъэр къыщыщапщытэу щыхэплъэжам, Къэгъэзэж Исмэхьил зи пашэ езанэ гъэш фермэр псоми ятекIуауэ, япэ увыпIэр иубыдауэ къыщIэкIащ».

Исмэхьил илъэситIым къриубыдэу хуэзэфIэкIащ зыдэлажьэ гупыр щащIэхьэу ягъэлъагъуэу зэфIиГъэувэну, къыщIэрыхуухэм ящыщу щыта фермэр нэхъ пашэ дыдэ ищIыну. Исмэхьил и гъэш фермэм районым аргуэру япэ увыпIэр щиубыдащ 1966 гъэми. И лэжьыгъэфIым папщIэ абы къыхуагъэфэщащ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр, абы къыдэкIуэри аргуэру Москва ВДНХ-м ягъэкIуат.

Гукъинэжт Исмэхьил дежкIэ 1974 илъэсри. Союзпсо зэхьэзэхуэм зыдыхэтым, езанэ гъэш фермэм хуIэзэкIащ и екъулIэныгъэм нэхъри хигъэхъуэну, кьапэщыт кьалэныр щIигъу игъэзэщIэну. Абы щыгъуэ Къэгъэзэж Исмэхьил ягъэпажащ Октябрьскэ революцIэ орденымкIэ. Ар дамыгъэ зыльпIэт, зэрыжьлэуи иригушхуат.

Исмэхьил и натIэм къыритхуауэ къыщIэкIынт цIыхухэм ятелэжьэну, ядэлэжьэну. Арагъэнщ абы и лэжьэгъуэхэм пщIэ лей яхуищIу щыщытари. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми езым и унагъуэ дыдэм исхэм хуэдэу ящыщытащ, гукъеуэрэ псалъэмакърэ яIакъым зэи, я гуащIэдэкI хьэлэлым и уасэр пэжу къаIэрыхьажу. Адрей фермэхэм лэжьакIуэ щацхуримыкъуми, Исмэхьил игъэлажьэнухэм хэпльыхьу къыхихын игъэтырт. Абы и щхьэусыгуэр дэтхэнэ адэ-анэри и быныр Исмэхьил и нэIэм щIигъэувэнуи зэрыхуейрат.

Зэрылэжьа зэман кIыхьым къриубыдэу Исмэхьил дэIэпыкъуэгу нэсу иIащ жэмыш пашэ, нэхъыжьыфI Гъубжокъуэ Фонэ. Мис а тIум теплъэкъуKI ямыIэу гупыр яхъумащ, ныбжьыщIэ куэд хуагъэсащ хабзэм, нэмысым, цIыху зэхэтыкIэм, гъащIэм, унагъуэм. А гупыр зэдэлажьэрт, зэрыхъумэжырт, зы унагъуэм хуэдэу, техьэупелкI яхэмыту. Исмэхьил ищIэрт дэтхэнэ и лэжьакIуэр сыт хуэныкъуэми, сыткIэ дэIэпыкъун хуейми икIи зэи дэIэпыкъуэгъунэу, гулъытэнэу зыри къигъанэртэкъым. Исмэхьил и пщIэр колхоз унафэщIым дежи кьуажэдэхэм я пащхьи щылъэгащ.

Колхозым и ратт зэгухьэныгъэм и комитетым, правленэм хэту куэдрэ лэжьащ Исмэхьил. Сыт хуэдэ Iэкугъуэ темыпсэлъыхьами, абы купщIафIэу псори кьызэпкърихырт, хозяйствэм и екъулIэныгъэр, цIыхухэм я псоукIэр зэрефIэкIуэн Iэмалхэм езыр зэрелпъыр кьигъэлъагъуэу.

Мис апхуэдэу лэжьащ Къэгъэзэж Исмэхьил 1991 гъэ пщIондэ. И чэзыр къэсу пенсэ кIуа иужькIи колхоз тхьэмадэ БыгIэ Хьэчим имыутIыпщу илъэситхкIэ здигъэлэжьащ мо лIы гумызагъэр, колхоз мылъкум и хъумакIуэхэм я унафэщIу. Аруан районым администрацэми гулъытэншэу къигъэнакъым Исмэхьил и гуащIэдэкI хьэлэлыр. Абы къыбгъэдэкIыу Къэгъэзэжым ираташ щIыхь тхылъ саугъэт и гъусэу.

«ГъащIэр гъэурыгъуэ шэнтти», и эзманыр къыщысым зигъэпсэхуну щIэлъэIури, 1996 гъэм и унагъуэм яхэтIысхьэжащ Исмэхьил. Ар Iэнатlэм пэрыкIащ, колхозми къуажэ советми я унафэщIэхэм пщIэшхэ хуащIу. Шэрэдж Ищхьэрэ къуажэм щызэхэта колхозым и лэжьакIуэхэм яхэтакъым абы иIа пщIэмрэ район, республикэ, къэрал дамыгъэ лъапIэхэмрэ хуэдиз зыхуагъэфэща. И зэманым и лIыхъужьыт ар, ипэжыпIэкIэ.

Пшэрыль къыщащIа кьалэнхэр зэфIэхьынымкIэ, егупсу лэжьэныжмкIэ Исмэхьил тегушхэныгъэ кьеэытар и щхьэгъусэ Къундузхъанщ. Исмэхьил лэжьащ, и унагъэкIэ, и бынхэм щхьэкIэ и гур кьыхэжмыщIыкIыу. ЗэрыжаIэщи, анэр бын телажьэщ, адэр унагъуэ телажьэщ. Унагъуэ тхьэмадэр еш имыIэу и унагъуэми яхуэсакъащ. «ГъущI куэбжэ зиIэр гъущI мастэ щощIэ» жаIэ. Унагъуэр зыгъуэр зэуэныкъуами, зэщхьэгъуситIым я акъылкIэ зэгъэзэхуауэ Iэхъум бгъэдыхьащ.

Исмэхьилрэ Къундузхъанрэ зыхэпсэуркIын лъабжьэшхэр ямыIэу унагъуэщIэу тIысащ, ауэ, зэрыжаIэщи, унэгуащэрщ унагъуэр зыдэунэр. Яхуэзэфlэкlащ я гуащIэдэкIкIэ зыхуэдэхэм кьахэщу псэукIэ дахэ зэтраухуэну. Адыгэ хабзэмрэ цIыхугъэмрэ щIапIыкIыу зэдапIащ зхьыджэбзищэр щалитIрэ. Ящыджэбзэкри щIалэкри унагъуэу ягъэтIысыжащ. Я нэхъыжьыфIхэм я щапхъэм тету, хущIыхьэгъуэ ямыIэу я бынхэм, абыхэм я бынынжэм телажьэу мэпсэу. Ахэр ирогушхуэ я адэм кьикIуа гуащIэ гуэгуанэ мытынышм, ауэ гуащIафIэм.

2015 гъэм и мэкъуауэгъуэм и 4-м и ныбжьыр илъэс 87-нэм иту Исмэхьил дуней гъащIэр ихуэжакIащ. НэхъыфIым хуэзауэ Тхьэм кьыщIигъэкI. Псэужамэ, накъыгъэм и 5-м илъэс 92-рэ хъунут ар. Мы тхыгъэ мащIэм, сызэригъэмкIэ, Къэгъэзэж Исмэхьил къыдэлэжьа, къэзыщIыхуу щыта куэдым фIыкIэ ягу кьигъэкIыжащ. ЦIыхур дунейм темытыжмэ, псэуэхэм апхуэдэу ягу кьэкIыжмэ, мылIа пэлъытэщ.

ДЖЭДГЪЭФ Мухьэрбий,
лэжьыгъэм и ветеран.
Шэрэдж Ищхьэрэ къуажэ.

● Ди махуэгъэпс

ЩIыуэпсым и щытыкIэм драгъэгупсыс

Дыкъэзыухъуреихь дунейм къыщекIуэкIхэм триухуэу, 1992 гъэм Бразилием и щыхьэр Рио-де-Жанейрэ ООН-м щызэхиша къэрал зэхуакъ зэхьыхьэм мэлыжьыхьым и 15-р Экологие щIэныгъэхэм я махуэу щагъэуващ.

ЗИ ГУГЪУ тщIы Iэхуэгъуэхэм щытепсэлъыхькIэ, ди планетэм тет къэралхэм «экологие» фIэщыгъэр къагъэсэбэпын щыщIадзар, тхыдэм къызэрыхэщыжьымкIэ, 1866 гъэм иужькIэщ. Къызэрырахьэжьэуи, а псалъэмкIэ къагъэлъагъуэ яублащ зыхэпсэукI щIыуэпсыр щIыхуэм къаззэрыхущытымрэ къэзыухъуреихь Iэгъуэблагъэм псэущхьэкъыщыщIэхэр къыдгурызыгъаIуэ, абыхэм къарикIуэнкIэ хъунум дезыгъэгупсыс щIэныгъэхэр щIыхуэм ябгъэдгъэхьанымэ, яхэпщынымэ мыхьэнэ ин зэриIэри шэч къызытумыхьэнщ, псом хуэмыдэжу дызэрыт лъэхъэнэм.

Экологие щIэныгъэхэм я махуэр ди къэралым гъэлъэпIэн щыщIадзар 1996 гъэм иужькIэщ. А илъэсым къыщыщIэдзауэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курыт школхэм, сабий садхэм, тхылъ хъуманIэхэм, щIэныгъэ институтхэм я Iуэхум екъэлIауэ къыщызэрагъэпэщ хабзэ зэхьыхьэхэм, конференцхэм зэхэшакIуэхэр щытопсэлъыхь дыкъэзыухъуреихь дунейр, щIыуэпсыр хъумэн зэрыхуейм теухуа щIэныгъэм дэтхэнэ зыри, сабийхэри балигъэхэри, дызэрыхуэныкъуэм.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● КъБР-м и прокуратурэм къет

Сом мини 100 ирагъэпшын

Аруан районым и прокуратурэр арэзы техъуащ Нарткъалэ щыпсэу цIыхубзыр, гъэпцIагъэкIэ мылъку зыIэрызыгъэхьар, зэрагъэкъуаншэр.

РАЙОН прокурорым и дэIэпыкъуэгъу Ныр Каринэ диныгъащ УФ-м и УК-м 159-нэ статьям и 2-нэ IыхьэмкIэ ягъэкъуаншэ Н. теухуа уголовнэ Iэхур. ЦIыхубзым щIэнхъыжьагъэмкI илэжьауэ къалъытэ. Зэрауб-зыхуамкIэ, Н. «Одноклассники» сайтымрэ «Ватсап» чатымрэ къриутхьащ удз гъэгъа зэрищэм теухуа хъыбар. Лей зытехьахэм бзылъхугъэм и банк счетым ягъэхьащ сом мин 39-м щIигъу, арщхьэкIэ абы-хэм удз гъэгъахэр къаIэригъэхьакъым.

Судым Н. къуаншэу къиулытащ икIи абы къуэдыуэ сом мини 100 ипшынын хуейуэ трилъхьащ. Лей зытехьахэр къыщIедэуахэр нэсу ягъэзэщIащ.

ДЫГУЛЫБГъУ Жануэ.

● Фи лъэIукIэ

Рэмэдан мазэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр (Нэщым щыщIыдзэр)	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр (Хэщыжьыгъуэр)	Жасыр
13, гъубж	03.59	05.28	12.16	15.59	18.47	20.25
14, бэрэжьей	03.57	05.26	12.16	16.00	18.48	20.27
15, махуэху	03.55	05.25	12.16	16.00	18.49	20.28
16, мэрем	03.53	05.23	12.16	16.00	18.50	20.30
17, щэбэт	03.51	05.21	12.16	16.00	18.52	20.32
18, тхьэмахуэ	03.49	05.20	12.15	16.01	18.53	20.33
19, блыщхьэ	03.47	05.18	12.15	16.01	18.54	20.35
20, гъубж	03.45	05.16	12.15	16.02	18.55	20.36
21, бэрэжьей	03.43	05.15	12.15	16.02	18.56	20.38
